

Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens

Sekretarya Achiduosèz Pòtoprens
56, Ri Pikan ak Lama
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

Komisyen Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79
justicepaixha@yahoo.com
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan
Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince

JE WE,
BOUCH FÈT POU PALE

Mwa Oktòb rive Desanm 2013

49

*Texte en français : voir pages 11 à 16
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

Lèt tou louvri pou tout Otorite Sivil, Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè salye tout Otorite Sivil, Lajistis ak Lapolis ak anpil respè.

Komisyon an kontan prezante n **49yèm rapò** li sou kesyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou zak vyolans ki te pase nan peryòd **mwa oktòb rive mwa desanm 2013**.

Komisyon an konstate nan trimès sa a vyolans ak zam toujou la, li pa bese jan otorite yo vle fè konprann li an. Anpil moun fèb andedan sosyete a kontinye ap tonbe epi viktim anba vyolans, men sa pa fè eko menm jan ak lè se moun ki gen non ki rive viktim. Anndan katye **popilè yo, tankou nan Site Solèy**, vyolans ak zam ap fè **lalwa chak jou pi plis**.

Komisyon an kontinye obsève ki jan gwo chirepit politik yo toujou mennen gwo vyolans nan sosyete a. Si pa gen bon desizyon politik ki pou asire respè ak diyite moun, se dezespwa k ap vin abite kay sitwayen ak sitwayèn ayisyen yo.

Komisyon an konstate tou, sikilasyon zam toujou ap fèt san yo pa respekte lalwa. Plizyè otorite ak senp sitwayen mele nan tout mouvman pou trafike zam nan peyi a. Anvan lontan, peyi a pral antre nan pwoesis eleksyon. Men nou konnen, se toujou nan vyolans ak zam li dewoule, pou moun ki nan dosye dwòl kapab pran pouvwa pou pwoteje tèt yo.

Obsèvasyon Komisyon an fè montre reskonsab sèvis sikilasyon yo pa fè mwayèn yo nan zafè sikiliasyon an. Reyalite sa a ap vini pi mal chak jou, paske pa gen bonjan plan efikas pou pote solisyon. Moun k ap mache apye pa gen okenn pwoteksyon nan lari, ni pou monte machin k ap sikile. Chak jou ki jou, lavi moun plis ekspozè nan trafik sikilasyon. Apre tout envèstisman ki te fèt nan limyè pou ede sikilasyon an, anpil nan limyè sa yo pa mache ankò. Anpil fwa se otorite oswa chofè yo ki nan machin ofisyèl (oswa ak plak Sèvis Leta) ki mele nan dezòd k ap fèt yo nan lari a : se pase sirèn, pran sansinik jan yo vle, menase lòt chofè ak zam e menm rive touye yo paske yo gen pouvwa gwo ponyèt Leta nan men yo. Konsa, nou rive konprann pwoblematik ki genyen nan sikilasyon machin oswa motosiklèt, se yon ijans yo dwe trete nan tout dimansyon l. Ak tout sa, nou pokò pale sou sa k pase sou wout nasyonal yo.

Komisyon an rete atache ak lide respè pou diyite moun. Vyolangs se yon gwo atak sou dwa moun. Kaba vyolans rete yon gwo defi. Men pou lapè tabli, fòk rapò politik, sosyal ak ekonomik nan mitan sitwayen yo fèt byen. Nan rapò sa a, Komisyon an envite n reflechi sou **fason pou defèt vyolans ki prezan nan mòd fonksyònman enstitisyon yo, pandan n ap konstwi diyite moun (gason kou fi) ki an Ayiti, anndan yon pwoesis demokratik, kote yo respekte dwa moun genyen, gras ak yon konsyans sitwayen ki se rezulta travay edikasyon an.** Komisyon Jistis ak Lapè kwè, pou konbat kriminalite ak banditis, otorite yo dwe aji ak bousòl lalwa nan transparans epi moralite.

Sekretarya Komisyon an remèsyé tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la a, tankou Lopital Inivèsite Leta Ayiti (HUEH) ak Polis Nasyonal Ayiti (PNH). Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li déjà ap di n mèsi pou bonjan atansyon n ap bay 49yèm rapò sila a.

Port-au-Prince, 18 février 2014

Lettre ouverte aux Autorités Civiles, Judiciaires et Policières du pays

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix salue les Autorités Civiles, Judiciaires et Policières du pays respectueusement.

La Commission a l'honneur de vous présenter **son 49^{ième} rapport sur la violence dans la zone métropolitaine pour la période allant des mois d'octobre à décembre 2013.**

La Commission constate qu'au cours de ce trimestre, la violence armée dans la zone métropolitaine est toujours présente, elle n'a certainement pas diminuée, comme les autorités du pays nous le font croire. De nombreuses personnes de modeste condition continuent à être victimes des actes de violence, particulièrement dans les quartiers populaires, comme à Cité Soleil où la violence s'amplifie chaque jour. Cela ne fait pas un grand écho, parce que ces victimes de la violence sont le plus souvent des inconnus dans la société.

La Commission continue à constater comment les mauvais rapports entre les hommes et les femmes politiques entraînent souvent de grande violence au sein de la société. En absence de bonnes pratiques politiques qui assurent le respect de la dignité des personnes, le désespoir finira par habiter le cœur des citoyens et citoyennes de ce pays.

La Commission constate également que la circulation des armes à feu est pratiquée en dehors de tout respect de la loi. Autorités et simples citoyens sont impliqués dans ce trafic. Le pays entrera prochainement dans un processus électoral ; mais l'expérience des élections haïtiennes montre qu'elles se déroulent habituellement dans un climat de violence pour permettre à des individus mal intentionnés de prendre le pouvoir en vue de se protéger.

La Commission observe également que les responsables du service de la circulation n'obtiennent pas leur moyenne en ce qui a trait au trafic routier. Les piétons s'exposent sans aucune protection et risquent leurs vies dans des rues dépourvues d'infrastructures routières (pas de trottoirs corrects, absence de signalisation). Des Gouvernements ont investi dans l'installation des signalisations pour améliorer le trafic routier, mais bon nombre de ces feux de signalisation sont dysfonctionnels. A maintes occasions, des autorités ou leur chauffeur qui circulent en voiture officielle (ou immatriculée Service de l'Etat) sont à l'origine des désordres sur la voie publique, leurs avertisseurs sonores et lumineux sont passés sans aucune nécessité, ils ne respectent pas les rues à sens unique, menacent d'autres chauffeurs jusqu'à les menacer avec des armes parce qu'ils détiennent la force. Ainsi, nous comprenons qu'il est urgent d'adresser la question du trafic dans toutes ses dimensions.

La Commission reste attachée à sa conviction que la dignité de chaque personne mérite un respect absolu. La violence est une atteinte grave aux droits humains. Combattre la violence est un grand défi pour tous ceux et celles qui s'engagent pour l'établissement de l'Etat de droit. La construction de la paix exige que les rapports politiques, sociaux et économiques soient bien articulés.

Dans ce rapport la Commission présente des réflexions sur **la nécessité de déconstruire la violence institutionnelle pour reconstruire la dignité de l'homme haïtien et de la femme haïtienne dans un processus démocratique respectueux des Droits humains et à travers une conscience citoyenne par l'éducation**. La Commission croit que pour combattre l'impunité et le banditisme, les autorités doivent agir avec la boussole de la loi, dans la transparence et la moralité.

Le secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti (HUEH) et la Police Nationale d'Haïti (PNH). La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez à ce 49^{ème} rapport.

Mme Jocelyne Colas, Directrice Nationale

Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo

Me. Apollon Rovelsond, Responsable d'observation

Fason nou analize vvolans nan Pòtoprens

Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince

		Mwa oktòb 108 viktim	Mwa novanm 117 Viktim	Mwa desanm 96 viktim
a. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		-	1 polisyé	1 polisyé
Fanm ki viktim		10 fanm	-	14 fanm
Timoun ki viktim		3 timoun	14 timoun	2 timoun
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		31 viktim	15 viktim	29 viktim
b. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri akbal		58	67	59
	Moun ki mouri akballapolis/ Minustah	-	1	3
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	-	-
	Moun ki mouri akbalbandi ki nan gang	8	18	5
	Viktim afwontman ant gang	-	-	-
	Moun ki mouri akbalnèg ak zam yo pa rive idantife	50	47	51
Moun ki touye tèt yo		-	1	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		17	20	13
Moun ki mouri nan aksidan		18+3	12+2	11
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		12	15	13
c. Sou kèk katye : ki kote				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		6	9	5
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		8	16	7
Zòn Kafou		8	8	19
Gran Ravin ak Matisan		3	7	-
Petyonvil, wout Frè		8	11	8
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		13	11	8
d. Sou kèk lòt sikonstans				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		13	8	9
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

Analiz ak kòmantè 49yèm rapò sou vyolans nan zòn metropolitèn nan Men ki sa k te pase nan trimès la

Komisyon Jistis ak Lapè dokimante pou trimès ki sòt pase a **321** ka kote moun viktим vyolans, epi **184** moun nan yo mouri ak bal. Nan trimès anvan an te genyen 284 viktим, kote se 179 moun ki te mouri ak bal. Reyalite a montre vyolans lan monte epi lap pran fòm li. Li enpòtan pou n siyale tou, enfòmasyon Komisyon an kapab verifye yo pa kouvri tout reyalite vyolans k ap fêt yo.

Komisyon an kontinye kwè se pa nan pwopagann yo kapab kache reyalite sekirite a k ap bay anpil kè sote parapò ak fason otorite politik yo abòde pwoblèm nan. Konbat vyolans mande gwo mezi nan Leta, men nou gen dout sou possiblité pou gen bonjan rezulta nan sa. Toujou, pa janm gen dezameman; zam ap sikile lib e libè nan men gwoup gang yo ak nan men lòt sitwayen. Nan tout sa, se jwèt politik move mès k ap fêt.

N ap fè sonje kèk ka enpòtan ki pase pandan dènye mwa yo:

- 11 desanm 2013, yo jwenn kò 2 timoun anba pon nan Kwadèmisyon. Daprè kèk temwayaj sou eta kò yo, timoun sa yo ta mouri pou fè aktivite lougawou. Se yon reyalite ki tris anpil. Pratik sa yo pa nouvo. Pa gen lontan, plizyè moun mouri nan Jakmèl ak kèk lòt kote nan peyi a. Pratik sovaj sa yo ki degrade diyite moun merite bon jan mezi pou fini ak yo.
- 13 novanm 2013, gang nan Site Solèy touye ak bal 6 moun nan yon sèl fanmi epi yo boule kò yo. Sa te fêt nan katye Boston.
- 24 desanm 2013, 8 moun mouri nan yon bouskilad nan Mawotyè nan zòn Kafou. Ensidan sa a rive nan moman reskonsab Pè Letènèl Bòlèt la t ap fè zèv charite. Sitiyasyon sila a montre pwoblèm ekonomik grav anpil sitwayen ap viv, yon sitiayson ki pa kadre ak valè yo epi ak diyite yo kòm moun. Konsa tout distribisyon èd pa dwe fêt nenpòt fason.

Lit kont enpinite a manke anpil eleman enpòtan :

- Yo toujou pa egzaminen kò moun ki mouri nan vyolans nan espètiz medsin legal. Nan sans sa a, nou kapab poze tèt nou kesyon: kouman otorite nan lapolis ak lajistis kapab aji yon fason reskonsab ak syantifik ? Kouman yo kapab fè limyè laverite blayi sou kòz ak sikonstans moun ki mouri nan vyolans ? Kesyon an pa trete tankou yon kesyon Leta ki mande mezi ki rapid. Epoutan, nan jounal Nouvelis ki gen nimewo 39127, jou ki te lendi 9 ak madi 10 desanm 2013. **Minis Lajistis la te pale sou enpòtans otropsi yo ki se yon egzizans lalwa. Li di absans solisyon ak pwoblèm sa a pa vle di otorite yo meprize viktim ki mouri nan vyolans yo « ki ta dwe sibi otropsi gress pa gress daprè lalwa »** Sa ki dwòl, kadav yo rete sou lòd lajistis nan mòg Lopital Jeneral pou lontan, san pa gen suivi jidisyè vre, epi se paran mò yo ki vini pran yo san espwa y ap jwenn jistis.

- Nan Gòlf Lagonav gen anpil zak pirat ki rive fêt sou plizyè bato ki fè transpò nan zòn nan. Plizyè moun rive blese nan moman pirat yo t ap dechèpiye pasaje yo sou lanmè. Sitiyasyon sila a mete toutouni feblès sèvis maritim lan, 1500 kilomèt kot peyi Ayiti genyen an pa gen kontwòl. Pa gen okenn dispozisyon ki pran pou reponn ak tout sitiayson danje epi ak lòt ijans ki kapab genyen nan lanmè peyi Ayiti. Fòk ta gen gwo dispozisyon ki pran pou anpeche bandi san fwa ni lwa imite zak pirat somalyen yo ap fè nan Gòlf Aden nan lòt bò dlo.
- Gen yon dekouvèt makawon ki fêt nan mòn Kabrit, toupre wout ki mennen Tomazo. Yo jwenn plizyè kadav moun ki mouri anba rezo kriminèl pou divès rezon, li kapab moun yo kidnape, li kapab vòlò ki espesyalize nan volè moto ak lòt bagay ki mennen anpil kesyon. Plis pase 30 moun ta mouri nan zòn sa a. Aksyon kriminèl sa yo ap fêt lontan, san pa gen yon ti tras pou ta montre endis sou aktivite sa yo nan nivo sèvis ransèyman lapolis pou ta jwenn rezo mafya sa a. Se gras ak yon plent yon sitwayen yo te rive wè reyalite grav sa a. Si evènman grav yo sa yo ap pase nan peyi a san otorite lapolis pa okouran atravè sèvis entèlijans li, nou ka konprann sitwayen gen rezon pou pè pou lavi yo.

Gouvènman an pa bay prèv li genyen yon politik sekirite piblik ki efikas e ki gen volonte pou reponn ak divès bezwen fondalnatal popilasyon an sou plan sekirite. Lapolis bò kote pa l pa an mezi pou asire sekirite nan peyi a ; lapolis absan nan anpil katye popilè ak seksyon kominal. Anplis gen toujou ajan lapolis ki mele nan zak vyolans ak kriminalite.

Komisyon Jistis ak Lapè tabli plizyè relasyon ki egziste ant politik ak vyolans nan peyi Ayiti. Peyi a pral antre nan yon pwosesis eleksyon. Kesyon ki enpòtan se konnen kilès k ap benefisyé latwoublay la? Kouman yo dwe mennen sosyete a ak yon pratik politik ki pa gen vyolans ladan l? **Kouman pou fè politisyen yo, gason kou fanm, konprann li enposib pou tabli demokrasi ak Leta ki chita sou lalwa avèk moun ki kenbe wout vyolans ak koripsyon ?**

Sasinay ak zam blanch

Valè moun ki sasinay ak zam blanch monte anpil: **50** ka pandan 3 mwa. Chif pou peryòd anvan an se **35**. Fok nou konnen rezon ki pouse popilasyon an fè zak sa yo, malgre otorite yo pa dakò ak pratik sa yo. **Sa ki pi dwòl nan ka sa yo, gen 30 moun ki mouri lenche anba akizasyon vòlò. Sa ki vle montre tou sitiayson ekonomik moun yo grav epi difisil.**

Komisyon Jistis ak Lapè kwè yon aparèy jidisyè efikas ak aksyon kòrèk lapolis dwe pi enpòtan pase tout deklarasyon entansyon pou kapab bay popilasyon an konfyans.

Trafiak sou wout

Toujou nan menm peryòd la, moun kontinye ap pèdi lavi yo nan aksidan trafik sou wout, kote 46 moun pèdi vi yo. Pou peryòd avan an nou te obsève 53 viktим. Konsa tou nou wè:

- Otorite k ap sikile nan machin ofisyèl (swa ak plak SE - Sèvis Leta) ap kreye anpil dezòd nan aktivite sikilasyon machin. Y ap vire tounen ap pran sans inik, pase sirèn, yo san okenn respè pou prensip sikilasyon yo.
- SOS pou gwo machin pwa lou yo tankou kamyon yo. Chofè yo agresif anpil sou wout yo, pafwa yo frape machin prive yo epi yo pa kanpe.
- Li enpòtan pou siyale danje ki genyen lè chofè yo ap pale nan telefòn sou volan.
- N ap atire atansyon tou sou sikilasyon motosiklèt yo ki bezwen plis kontwòl ak respè pou regleman yo, sitou nan kapital la. Anpil moun viktим nan aksidan motosiklèt akòz fason chofè moto yo ap sikile san prensip.
- Move kondisyon pasaje k ap vwayaje nan transpò piblik merite chanje, sitiayson sa yo fè nou sonje imaj transpò lesklavaj nan trèt negriye.
- Nou konstate gazolin ak lòt gaz toujou ap vann nan lari ak nan kay prive. Pratik sa a fè plizyè viktим deja, okenn mezi pa pran kont sa. Sitiayson sa a rete yon gwo danje pou sekirite piblik.
- Anpil twou rego pa janm bouche nan plizyè ri nan zòn metwopolitèn nan ki se yon danje pou lavi moun. Fòk nou denonse vòlò k ap pran kouvèti twou rego yo.
- Anpil machin ap sikile san yo pa fè reparasyon ak kontwòl ki nesesè.
- N ap ankouraje lapolis woutye a pou 1 montre 1 pi pwofesyonèl nan jesyon trafik wout nan zòn metwopolitèn nan.

Pwopozisyon ak rekòmandasyon Komisyón an fè

1. Leta dwe pran tout dispozisyon pou fè espètiz mediko-legal pou tout moun ki mouri nan vyalans paske sa enpòtan nan tout faz lajistis.
2. Chèf Gouvènman an ak Prezidan Repiblik dwe pran gwo mezi pou mete fren nan otorite k ap travay nan Leta k ap fè dezòd sou wout nan fason yo kondi machin.
3. Palman an dwe defini kad legal kesyon iminite a ki pa klè, epi yo dwe tabli limit li.
4. Sèvis travo piblik dwe pran dispozisyon pou repare epi bouche tout twou rego ki reprezante danje nan plizyè ri nan zòn metwopolitèn nan.
5. Lidè politik ak otorite politik yo dwe sispann tout pratik vyalans ak zam k ap fèt nan katye popilè yo ak nan Leta pou kontwole pouvwa.

6. Otorite yo dwe kontwole epi bay enfòmasyon sou transparans nan komès zam nan peyi a.
7. Leta dwe monte yon plan sosyoekonomik ki reponn ak diyite moun epi ki kapab ankadre moun pòv yo k ap viv chak jou nan yon sitiyasyon vyolans ekonomik.

Kèk konsiderasyon

Defèt vyolans ki genyen anndan enstitisyon yo pou refè diyite sitwayen ayisen yo anndan yon pwosesis démokratik ki respekte Dwa moun nan yon konsyans sitwayèn ki marye ak ledikasyon

Defèt vle di kraze yon estrikti, yon òganizasyon yon bagay ki pa t byen fèt depi nan kòmansman I.

Fondman ak misyon enstitisyon yo nan sosyete a se travay pou chanje lavi moun pou I vin pi byen. Vizyon sa a aplike nan yon Leta ki reskonsab, paske Leta a se premye garanti pou byen viv ansanm nan.

Depi plizyè lane, ayisen ap chache tèt li, epi li pèdi nan yon bann panse pou kapab rive jwenn sa ki bon. Konsa, nou wè pa gen yon vizyon sosyete nan peyi d Ayiti, pa genyen dyalòg toutbon ant Ayisen. Pou byen di, yo pa pran vrè enterè sosyete a an konsiderasyon jan sa ta dwe fèt. Se sa ki eslike kondisyon povrete ak lamizè pèp la ap viv la.

Li klè tou, enstitisyon yo k ap mache kounye a ap itilize zam vyolans kont sitwayen yo pou ranfòse dominasyon yon politik k ap pwoteje yon ti gwooup nan sosyete a. Kalite enstitisyon sa yo konstwi anndan yon modèl Leta ki pa kreye anyen nan pwodiksyon ak sèvis, ki ta dwe satisfè dwa sitwayen yo pou viv kòrèkteman. Enstitisyon yo nan peyi a pa pre sitwayen yo, okontrè yo deranje lavi yo.

Toujou, nan diskou pwopagann otorite yo ap fè pou pale sou aksyon Gouvènman an, yo vle fè sitwayen yo kwè tout bagay ap mache byen, kit nan domèn ledikasyon, nan domèn ekonomi, nan lasante, nan agrikilti, nan lakilti, nan rechèch teknik ak syantifik ak lòt. Diskou yo pa montre laverite vre.

Kalite diskou dwategòch sa yo ap kreye plis mefyans lakay sitwayen yo. Se sa **Pierre BOURDIEU** rele vyolans senbolik la.

Nou ka di tou, defèt vyolans enstitisyonèl la vle di: defèt enstitisyon yo yon fason pou yo rive konsidere valè sitwayen yo. Pratik vyolans enstitisyon yo ap egzèse sou sitwayen yo, nan jan yo ye a, ap bare devlòpman sosyete a. Paske tout bon chanjman mande patisipasyon sitwayen yo.

Kòm prèv, gade katye populè yo kote tout tan gen zak vyolans, kote otorite yo oubyen aktè politik yo ap manipile nan lide pou jere avantaj eleksyon avèk kolaborasyon nèg ak zam k ap egzekite move plan pou yo. Lè eleksyon fèt nan vyolans, vin gen pwoblèm nan renouvelman enstitisyon yo, sa pa bon pou demokrasi, epi sa mennen move konsekans. Se moun k ap benyen nan koripsyon ki pa gen sans reskonsablite ki vin pran nan mètdam enstitisyon yo pou ka rive kontwole pouvwa Leta a.

Poutèt sa, pou konstwi enstitisyon demokratik yo, li enpòtan pou yo fè bonjan edikasyon sitwayen yo ki pou anpeche tout vye bagay. Fòk yo ankouraje tout mouvman edikasyon k ap pèmèt sitwayen yo byen konprann tout aksyon yo dwe poze nan aktivite eleksyon an.

Ledikasyon pèmèt sitwayen an wè kijan I ap kapab garanti ak pwoteje diyite I nan fè chwa ki byen reflechi. Fòm gouvènman ki pèmèt sitwayen yo patisipe nan aktivite biblik peyi yo, se sa ki pote garanti libète fondalnatal ak egalite pou tout moun. Li pèmèt tou yo reponn pi byen bezwen tout moun, epi li pèmèt yo gade ak kenbe lapè.

Nan yon fowòm entènasyonal Nasyonzini t ap òganize sou demokrasi, yo te di konsa: prensipal misyon demokrasi genyen, se kenbe epi ankouraje diyite ak dwa fondalnatal moun, fè jistics sosyal, favorize devlopman ekonomik ak sosyal kominate yo, ranfòse lavi nan kominate epi kreye yon anviwonnan ki bon pou lapè. Demokrasi, devlopman ak dwa moun, yo mare youn ak lòt.

Nòmalman nan demokrasi, y ap defann epi pwoteje dwa moun yon fason pou chak moun, kèlkeswa orijin sosyal li, sèks li epi konviksyon li, kapab patisipe nan preparasyon lwa ak politik ki kapab aplike pou tout moun.

Li ijan pou retabli diyite sitwayen ayisen nan yon pwosesis demokratik ki respekte dwa moun anndan yon konsans sitwayen nan ledikasyon, epi k ap refonde enstitisyon yo ki fòme òganizasyon sosyete a. Nou pale sou enstitisyon sa yo:

- Aparèy ideyolojik Leta a. Lè nou pale sou aparèy ideyolojik la, nou wè lekòl, lafanmi, legliz, medya yo, sendika yo ak lakilti.
- Aparèy Leta a. Lè nou pale aparèy Leta a, nou wè lapolis, tribinal yo, lame ak diferan branch administrasyon yo.

Pou n reprann Pierre Bourdieu : « **Sa k fè yon ideyoloji, se fòs li pou enpoze evidans pou evidans. Moun nan fè yon sèl avèk yon seri lide yo te transmèt li san I menm pa t konsyan I** ». Diyite moun dwe vini yon konviksyon pwofon, pou pa di yon ideyoloji.

Yon ideyoloji, jan moun yo aksepte koze a kounte a, anbrase ansanm lide sou jan chapant sosyete a ye, sou fòs yo k ap aji nan sosyete a, sou sous konfli ki prezante yo ak sou modalite ki pèmèt yo rezoud konfli yo. Yon ideyoloji reprezante yon ansanm lide yon gwoup pataje ansanm, souvan yo rele gwoup sa yod : yon pati politik. Wòl pati politik yo nan konstriksyon demokrasi, se bay yon vizyon kòrèk sou lavni sosyete a ki kapab mobilize sitwayen yo pou I byen reyalize.

Ayiti cheri nou an rete yon eritaj, yon byen pou Ayisen yo pwoteje nan non respè prensip ki pwoteje entegrite moun. Ann travay ansanm pou n transfòme sitwayen ayisen yo yon fason pou prepare avni nou nan yon pwosesis ki total ak dinamik.

Rovelsond APOLLON, Av

Analyse et commentaire du 49^{ième} rapport de violence à travers la zone métropolitaine

Les faits saillants du trimestre

Au cours du trimestre la Commission a documenté **321** cas de victimes de la violence, dont **184** sont mortes par balles. Pour le trimestre précédent il y avait **284** victimes, dont **179** par balles. L'évidence s'impose que la violence plutôt remonte et s'affirme. Il est important de noter que les constats de la Commission ne couvrent pas toute la réalité, qui dépasse les chiffres dont on dispose. Dans certains quartiers les corps des victimes disparaissent sans qu'il n'y ait aucun constat de la part des autorités.

La Commission veut croire qu'on ne pourra pas cacher la réalité sécuritaire par la propagande, parce qu'elle donne de grandes inquiétudes pour la façon dont les autorités politiques abordent le problème. Combattre la violence nécessite des mesures d'Etat. Nous avons des doutes sur la possibilité d'atteindre des résultats durables, parce qu'il n'y a jamais eu de désarmement ; les armes circulent entre les mains des citoyens et groupes armés comme résultat d'un jeu politique malsain.

Rappelons quelques faits importants observés de ces derniers mois :

- Le 11 décembre 2013, on a retrouvé les corps de deux enfants sous le pont de la Croix des Missions. Jugeant l'état des corps et suivant des témoignages, les enfants seraient victimes des activités de sorcellerie. Malheureusement, cette pratique n'est pas nouvelle ; récemment plusieurs personnes ont été victimes à Jacmel et dans d'autres endroits du pays. Ces pratiques barbares, sauvages et dégradantes de la dignité de l'homme, exigent des mesures urgentes pour les faire stopper.
- Le 13 novembre 2013, 6 membres d'une seule famille ont été tués et leurs corps brûlés par des membres de gang dans le quartier de Boston à Cité Soleil.
- Le 24 décembre 2013, 8 personnes sont mortes dans une bousculade à Mahotière 75, banlieue de Carrefour. Cet incident est survenu lors d'une œuvre de charité faite par le responsable de Père Eternel Borlette. L'événement illustre la grande précarité économique vécue par bon nombre de citoyens ; elle est une atteinte à leur dignité. Mais également la distribution de l'aide ne peut se faire de n'importe quelle façon.

La lutte contre l'insécurité manque des éléments essentiels :

- Les corps des victimes de mort violente ne subissent pas de l'expertise médico-légale. Alors, comment les autorités, tant policières que judiciaires, peuvent-elles agir de façon responsable et scientifique ? Comment faire jaillir la vérité sur les causes et circonstances de mort violente ? La question n'est pas traitée comme une question d'Etat qui exige de mesures urgentes. Pourtant, dans *Le Nouvelliste*, no. 39127, du lundi 9 et mardi 10 décembre 2013, **le Ministre de la Justice a bien indiqué l'importance de l'autopsie qui est une exigence de la loi. Il a fait savoir que l'absence de solution à ce problème d'absence d'autopsie ne signifie pas un**

mépris pour la victime de mort violente, « qui selon la loi doit subir une autopsie chacune ». Bizarrement, les cadavres gardés aux ordres de la Justice à la morgue de l'Hôpital Général restent pendant longtemps sans suite légale, et parfois les parents viennent réclamer le corps des leurs sans espoir d'obtenir Justice.

- Le Golfe de la Gonâve a connu des actes de piraterie où plusieurs bateaux assurant le cabotage dans la zone ont été pillés ; il a eu plusieurs blessés par l'action des pirates de mer. Cette situation met à nu la faiblesse du service maritime. Les 1500 kilomètres de la côte d'Haïti ne sont pas surveillés. Il n'existe pas de dispositif pour répondre aux situations de danger et aux urgences dans les eaux haïtiennes. Il faut à tout prix empêcher que des gens mal intentionnés imitent les forfaits des pirates somaliens dans le Golfe d'Aden.
- La découverte macabre de corps au pied du Morne à Cabris, près de la route qui mène à Thomazeau, soulève ses propres questions. Plusieurs corps de personnes exécutées par des réseaux criminels pour des raisons diverses, soit des otages de kidnapping, soit des voleurs qui se spécialisent en vols de moto et autres, y ont été retrouvés. Plus de **30** personnes auraient trouvé la mort dans cet espace. Ces actions criminelles se seraient produites depuis longtemps, sans qu'il y aurait eu la moindre suspicion ou indice par le Service de renseignement de la police, menant à trouver ce trafic mafieux. Il a fallu la plainte d'un citoyen pour voir l'ampleur du drame. Si des événements de cette dimension peuvent se produire sans que les autorités policières n'en soient au courant de par leur service d'intelligence, les citoyens ont de quoi s'inquiéter.

Il faut bien conclure que le Gouvernement ne donne pas de preuve de l'existence d'une politique de sécurité publique efficace et d'une volonté de répondre aux besoins fondamentaux de la population en la matière. La police de son côté n'est pas encore en mesure d'assurer la sécurité du pays ; elle est absente dans bon nombre de quartiers et dans les sections communales. De plus, on fait état de la complicité de certains agents de police dans des actes d'insécurité.

La Commission Justice et Paix a établit à maintes reprises des liens entre politique et violence en Haïti. Bientôt le pays s'engagera dans un processus électoral. La question qui s'impose est de savoir à qui profite la confusion ? Comment mener la société à des pratiques politiques sans qu'il y ait violence ? **Comment faire comprendre aux politiciens, hommes et femmes, qu'il est impossible d'établir une démocratie et un Etat de droit avec des personnes qui tiennent à des chemins de violence et de corruption ?**

Assassinats par arme blanche

Le nombre des assassinats par arme blanche est élevé: **50** cas en 3 mois. Le chiffre de la période précédente s'élevait à **35**. Il faut connaître les motifs qui poussent la population à de telles pratiques,

même si les autorités déclarent haut et fort leur désaccord. **Le point préoccupant dans tout cela, parmi ce nombre de cas observés, 30 sont des lynchages pour des actes de vol. Ce qui voudrait indiquer que la situation socioéconomique des gens est vraiment pénible et dégradante.**

La Commission croit qu'un appareil judiciaire efficace et des actions policières correctes soient plus importants pour redonner confiance aux gens que les déclarations d'intention.

Le trafic routier

Dans cette même période, les gens continuent à être victime du trafic routier: nous avons compté **46** victimes mortelles pour le trimestre ; le trimestre précédent comptait **53** victimes. Des constats :

- Les autorités roulant en voiture officielle (ou immatriculée SE - Service de l'Etat) créent beaucoup de désordre au niveau de la circulation. A tout bout de champ elles empruntent les sens uniques, se servent des sirènes, et violent allégrement les lois et principes élémentaires de la circulation.
- SOS sur les poids lourds qui sont très agressifs dans la circulation ; parfois ils frappent des voitures privées sans s'arrêter.
- Il est nécessaire de signaler le danger que représente l'usage du téléphone portable par les chauffeurs.
- Il faut porter attention sur la circulation des motocyclettes à travers la capitale qui méritent plus de contrôle et de réglementation. Beaucoup de gens sont victimes dans des accidents de motocyclettes parce que les motards circulent sans respect des principes.
- Le traitement et les conditions de voyage des simples passagers dans le transport public méritent une bonne amélioration ; les conditions actuelles ressemblent trop aux conditions de transport des négriers.
- Nous constatons que la vente de la gazoline continue dans les rues et dans des maisons privées. Cette pratique qui a déjà fait plusieurs victimes et qui constitue une menace pour la sécurité publique, continue sans aucune intervention de l'autorité.
- Les égouts à ciel ouvert dans plusieurs rues de la capitale constituent un danger. Il faut dénoncer les vols en série des couvertures d'égouts.
- Nombreuses voitures circulent sans que leurs propriétaires ne fassent la maintenance nécessaire.
- Nous encourageons la police routière à améliorer son professionnalisme dans la gestion du trafic routier.

Voici les propositions et recommandations de la Commission:

1. Les autorités étatiques doivent prendre de grandes dispositions pour effectuer l'expertise médico-légale pour toutes les personnes victimes de violence ; elle est d'une importance capitale pour toutes les phases judiciaires qui suivront.
2. Le Chef du Gouvernement et le Président de la République doivent prendre des mesures importantes pour exiger des autorités qui travaillent dans l'administration publique d'arrêter le désordre et l'indiscipline sur les routes en conduisant leurs véhicules.
3. Le Parlement doit définir plus clairement le cadre légal de l'immunité et indiquer ses limites.
4. Le Ministère des Travaux Publics doit prendre des dispositions pour réparer tous les égouts qui représentent une menace dans les rues de la zone métropolitaine.
5. Les leaders politiques et les autorités politiques doivent cesser les pratiques liées à la violence armée dans les quartiers populaires et au niveau étatique en vue du contrôle du pouvoir.
6. Les autorités doivent contrôler et publier des informations dans la transparence concernant le commerce d'armes dans le pays.
7. Les autorités étatiques doivent élaborer un plan socioéconomique qui réponde aux exigences de la dignité de la personne humaine et qui permette d'encadrer les pauvres qui vivent quotidiennement dans des situations de précarité économique.

Quelques considérations

Déconstruire la violence institutionnelle pour rétablir la dignité de l'Haïtien et de l'Haïtienne par un processus démocratique qui respecte les Droits de la Personne à travers une conscience citoyenne par l'éducation.

Déconstruire sous-entend défaire la structure, l'organisation de quelque chose mal fait préalablement.

Le fondement et la mission des institutions de la société consistent à œuvrer pour le bien-être des personnes. Cette vision s'applique à tout Etat responsable, car l'Etat est le premier garant du bien vivre ensemble.

Depuis des années, le peuple haïtien se cherche et se perd dans de multiples réflexions qui puissent déboucher sur le mieux. Le constat s'impose qu'il n'y a pas une vision de la société haïtienne, pas de dialogue inter haïtien réel ; bref, les intérêts vitaux de la société ne sont pas pris en compte comme cela devrait se faire, ce qui explique la situation de misérabilisme vécue par le peuple haïtien.

De même, il est évident que les institutions qui fonctionnent actuellement (chez nous) usent l'arme de la violence contre les citoyens pour renforcer une politique qui sert à protéger la domination d'une minorité dans la société. Le type d'institutions dont nous disposons, sont le fruit d'un modèle d'Etat qui n'a rien créé en termes de production et de services, ce qui porte atteinte aux garanties des droits des citoyens à une vie décente. Les institutions haïtiennes ne sont pas proches des citoyens, au contraire, elles dérangent leur vie.

D'ailleurs le discours propagandiste des autorités pour vanter les actions gouvernementales pour faire croire aux citoyens que tout va pour le mieux, dans le domaine de l'éducation, de la santé, de l'économie, de l'agriculture, de la culture, de la recherche technique et scientifique et dans tant autres, ne reflète pas la vérité.

Ces discours incohérents ne font que cultiver la méfiance chez les citoyens ; c'est tout cela que **Pierre BOURDIEU** appelle la violence symbolique.

Ainsi nous pouvons affirmer : **Déconstruire la violence institutionnelle signifie réformer les institutions et les porter à tenir compte des valeurs citoyennes.** L'exercice de la violence effectuée par les institutions étatiques entrave le développement de la société. Tout changement positif implique la participation citoyenne.

A preuve, les quartiers populaires qui sont souvent le théâtre de violence canalisée par des autorités ou acteurs politiques dans le but de gérer des avantages électoraux avec la collaboration des hommes de mains qui exécutent leurs plans macabres. Quand les élections se réalisent avec des violences, le renouvellement des institutions n'est pas bénéfique pour la démocratie, parce qu'elles entraînent l'intégration des hommes corrompus et irresponsables qui s'emparent du contrôle des pouvoirs de l'Etat.

C'est pourquoi, pour construire les institutions démocratiques, il est nécessaire de **faire l'éducation des citoyens en profondeur** pour éviter toutes dérives. Il faudra prôner l'évangile de l'éducation afin de permettre aux citoyens de bien comprendre les actes à poser au cours du processus électoraux.

L'éducation permet au citoyen de voir comment il peut garantir et protéger sa dignité par des choix réfléchis. La forme de gouvernement qui permet la participation des citoyens aux affaires publiques de leur pays est celle qui garantit les libertés fondamentales et l'égalité des personnes ; elle permet aussi de mieux répondre aux besoins de tous, et de préserver ou de ramener la paix.

Dans un forum international à l'ONU sur la démocratie, il a été dit que **la principale mission de la démocratie est de préserver et de promouvoir la dignité et les droits fondamentaux de l'individu, de réaliser la justice sociale, de favoriser le développement économique et social de la communauté, de renforcer la cohésion de la société et de créer un environnement propice à la paix profonde. La démocratie, le développement et les droits humains sont par conséquent interdépendants.**

Normalement dans une démocratie, les droits humains sont défendus et protégés de telle manière que chaque personne humaine, indépendamment de son origine sociale, son sexe, ses convictions etc., puisse participer à l'élaboration des lois et politiques qui sont applicables à tous.

Il est urgent de rétablir la dignité de l'Haïtien dans un processus démocratique respectueux des Droits humains à travers une conscience citoyenne par l'éducation et par la refondation des institutions qui forment l'organisation de la société, comme :

- L'appareil idéologique de l'Etat. Par l'appareil idéologique, il faut entendre l'école, la famille, les églises, les médias, les syndicats et la culture.
- L'appareil étatique lui-même. Par l'appareil de l'Etat, il faut voir la police, les tribunaux, l'armée et les différentes administrations.

Pour répéter Pierre Bourdieu : « **Le propre de l'idéologie est d'imposer des évidences comme évidences. Le sujet fait corps avec les idées qui lui ont été ‘inconsciemment’ transmises.** » La dignité de l'homme doit devenir une conviction profonde, voire une idéologie.

Dans l'acceptation actuelle, une idéologie embrasse l'ensemble d'idées sur la structure de la société, sur les forces qui agissent dans la société, sur les sources de conflit qui y sont présentes, et aussi sur les modalités qui permettent de résoudre ces conflits. Elle représente l'ensemble d'idées partagées par un groupe, communément appelé parti politique. Le rôle des partis politiques dans la construction de la démocratie consiste à présenter une vision cohérente de l'avenir de notre société capable de mobiliser les citoyens en vue de sa réalisation.

Notre chère Haïti demeure un héritage, un bien à sauvegarder par les Haïtiens au nom du respect des principes qui sauvegardent l'intégrité de la personne humaine. Travaillons ensemble pour la transformation complète du citoyen haïtien et de la citoyenne haïtienne, de manière à bien dessiner son demain dans un processus intégral et dynamique.

Rovelsond APOLLON, Av

Tablo zak vyolans pou mwa oktòb 2013

Jou ak dat ak lè	Enfomasyon sou non viktim nan	Viktim gason / fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Madi 1 oktòb 2013	Gerald LOUIS	Gason	Nèg ak zam ki nan gang y o pa	Pòtoprens,	Bal gang	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfomasyon sou non viktim nan	Viktим gason / fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
nan lajounen			Identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Matisan		
Madi 1 oktòb 2013 nan lajounen	Isaac Jean Pierre	Gason	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari, kòz lanmòl pat identifye. Yo te transpòte nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa identifye	Enkoni
Mèkredi 2 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa identifye	Enkoni	Nèg ak zam ki nan gang yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Gran Ravin	Bal gang	Enkoni
Mèkredi 2 oktòb 2013 nan lajounen	Chery Doland	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy	Bal gang	Enkoni
Jedi 3 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa identifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Bwa Vèna	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Vandredi 4 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa identifye	Enkoni	Viktim nan mouri sikilasyon machin k ap sikile.	Pòtoprens, Ri Dikè	Aksidan machin	Enkoni
Vandredi 4 oktòb 2013 nan lajounen	Mackenson Elismé	Gason	Nèg ak zam ki nan gang yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, Waf Jeremi	Bal gang	Enkoni
Vandredi 4 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa konnen	Enkoni	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 65	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Vandredi 4 oktòb 2013 nan lajounen	Pierre Davidson	Gason	Viktim nan mouri sikilasyon machin k ap sikile.	Dèlma	Aksidan machin	Enkoni
Samdi 5 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa identifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Fontamara	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Samdi 5 oktòb 2013 nan lajounen	Stanley Duclos	Gason	Viktim nan mouri sikilasyon machin k ap sikile.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Aksidan machin	Enkoni
Samdi 5 oktòb 2013 nan lajounen	James Duval saint	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Lantèman	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Samdi 5 oktòb 2013 nan lajounen	Joseph Jean H. Steeven	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Pòtay Leyogàn	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Samdi 5 oktòb 2013 nan lajounen	Maria Alexandre	Fanm	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Lasalin	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Samdi 5 oktòb 2013 nan lajounen	Similien Emmanuel	Gason	Machin te viktim frape nan lari, yo te kouri nan ijans lopital, rive, li mouri.	Pòtoprens, Lopital medsen San Fwontyè	Aksidan machin	Enkoni
Samdi 5 oktòb 2013 nan lajounen	Yon gason yo pa identifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Bòn Fwa	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Samdi 5 oktòb 2013 nan lajounen	Yon gason yo pa identifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Bòn Fwa	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Samdi 5 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa identifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Samdi 5 oktòb 2013 nan lajounen	Thonny Ceraphin	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Disant	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Dimanch 6 oktòb 2013 nan lajounen	Ludovic Jeanty	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, 1ye Avni Bòlòs	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Dimanch 6 oktòb 2013 nan lajounen	Casseus Junior	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Fò Mèkredi	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Lendi 7 oktòb 2013 nan lajounen	Sonson Thelusma	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Fontamara 27	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Lendi 7 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa identifye	Enkoni	Viktim nan mouri apre yon gwoup moun te vin lapide l pou volò.	Site Solèy	Zam blanch	Enkoni
Lendi 7 oktòb 2013 nan lajounen	Marie Marthe Jeune	Fanm	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.	Kwadèboukè	Kòz yo pa identifye	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfomasyon sou non viktim nan	Viktим gason / fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Lendi 7 oktòb 2013 nan lajounen	Petion Mackenson	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Lendi 7 oktòb 2013 nan lajounen	Léon China	Fanm	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Yo te transpòte lnan mòg Lopital Jeneral.	Kwadèboukè	Kòz yo pa identifye	Enkoni
Lendi 7 oktòb 2013 nan lajounen	Boyer Micanor	Gason	Viktim nan pran bal nèg ak zam nan lari, yo kouri nan ijans lopital, rive, li mouri.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Madi 8 oktòb 2013 nan lajounen	Daniel Benghy	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Petyon vil, Vivimichel	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Madi 8 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa identifye	Enkoni	Viktim nan mouri apre yon gwoup moun te vin lapide l pou vòlò.	Petyon vil	Zam blanch	Enkoni
Madi 8 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa identifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 2, nan ofelin	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Madi 8 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa identifye	Enkoni	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Mòn Lakwa	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Madi 8 oktòb 2013 nan lajounen	Joassaint Tanis	Gason	Machin frape viktim nan, kouri nan ijans lopital li rann souf li.	Pòtoprens, Lopital medsen San Fwonty è	Aksidan machin	Enkoni
Mèkredi 9 oktòb 2013 nan lajounen	Yon gason yo pa identifye	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Matisan 17	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Jedi 10 oktòb 2013 nan lajounen	Yon fanm	Fanm	Yon mi yon konpayi tonbe sou tant viktim tap vi. Li mouri lapoula.	Kwadèboukè, zòn Kwadèmisy on	Aksidan	Enkoni
Jedi 10 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun yo pa identifye	Enkoni	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmòl pat identifye. Yo te transpòte lnan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa identifye	Enkoni
Jedi 10 oktòb 2013 nan lajounen	Serge Desormeaux	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 33	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Jedi 10 oktòb 2013 nan lajounen	Henry Labrousse	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 33	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Jedi 10 oktòb 2013 nan lajounen	Sterling Ronair	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Jedi 10 oktòb 2013 nan lajounen	Yon ti gason	Ti gason	Yon mi yon konpayi tonbe sou tant fanmi ti viktim tap vi. Li mouri lapoula.	Kwadèboukè, zòn Kwadèmisy on	Aksidan	Enkoni
Jedi 10 oktòb 2013 nan lajounen	Yon ti bebe	Enkoni	Yo ti kò viktim abandone nan lari. Kòz lanmòl pat identifye yo transpòtel nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz yo pa identifye	Enkoni
Jedi 10 oktòb 2013 nan lajounen	Medianne Gerome	Fanm	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmòl pat identifye. Yo te transpòte lnan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Izayi Janti	Kòz yo pa identifye	Enkoni
Jedi 10 oktòb 2013 nan lajounen	Ti fi	Ti fi	Yon mi yon konpayi tonbe sou tant fanmi ti viktim tap vi. Li mouri lapoula.	Kwadèboukè, zòn Kwadèmisy on	Aksidan	Enkoni
Vandredi 11 oktòb 2013 nan lajounen	Reginald St Firmin	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Vandredi 11 oktòb 2013 nan lajounen	Gros Jojo A.C	Gason	Viktim nan mouri apre yon gwoup moun te vin lapide l pou vòlò.	Pòtoprens, Fontamara, nan Sore	Zam blanch	Enkoni
Vandredi 11 oktòb 2013 nan lajounen	Festin P. Cardini	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 32	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni
Vandredi 11 oktòb 2013 nan lajounen	Bazile Perold	Gason	Nèg ak zam yo pa identifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Gran Ri	Bal nèg yo pa identifye	Enkoni

Jou ak dat ak lè	Enfomasyon sou non viktim nan	Viktим gason / fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Samdi 12 oktòb 2013 nan aswè	Joame	Gason	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Petyon vil, Ri Estenyo Vensan	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Samdi 12 oktòb 2013 nan aswè	Yon jèn gason yo idantifye	Gason	Nan moman viktim nan pral pran fil pou li pran priz kouran sou poto, li mouri lapoula.	Petyon vil, Mòn Kalvè	Kouran	Enkoni
Samdi 12 oktòb 2013 nan lajounen	Marie Lovely Octavius	Fanm	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Dimanch 13 oktòb 2013 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Viktim nan mouri apre yon gwoup moun te vin lapide I pou vòlò.	Pòtoprens, Kota	Zam blanch	Enkoni
Dimanch 13 oktòb 2013 nan lajounen	Maculet Jean	Gason	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Dimanch 13 oktòb 2013 nan lajounen	Yon ti bebe	Enkoni	Yo ti kò viktim abandone nan lari. Kòz lanmòl pat idantifye yo transpòtel nan mòg Lopital Jeneral.	Kwadèboukè	Kòz y o pa idantifye	Enkoni
Madi 15 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun y o pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Montalè	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Lendi 14 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun y o pa idantifye	Enkoni	Viktim nan mouri pre li te fin resevwa plizyè kout manchèt nan men moun y o pa idantifye.	Gresye	Zam blanch	Enkoni
Lendi 14 oktòb 2013 nan lajounen	Jasmin Chener	Gason	Machin frape viktim nan pandan li han lari. Kouri nan ijans lopital li mouri.	Pòtoprens, Lopital medsen San Fwontyè	Aksidan machin	Enkoni
Madi 15 oktòb 2013 nan lajounen	Felix Joseph	Gason	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Disant	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Madi 15 oktòb 2013 nan lajounen	Joel Surilien	Gason	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Maglwa Anbwaz	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Madi 15 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun y o pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Dokte Obri	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Madi 15 oktòb 2013 nan lajounen	Yon moun y o pa idantifye	Enkoni	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Bòn Fwa	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Madi 15 oktòb 2013 nan lajounen	Fritznel Lindor	Gason	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Magazen Leta	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 16 oktòb 2013 nan lajounen	Revolution Emmanuel	Gason	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lanmòl pat idantifye. Yo te transpòte I nan mòg Lopital Jeneral.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz y o pa idantifye	Enkoni
Mèkredi 16 oktòb 2013 nan lajounen	Maxime Makenson	Gason	Viktim nan mouri nan kouran.	Dèlma	Kouran	Kouran
Mèkredi 16 oktòb 2013 nan lajounen	Saintil Ritchens	Gason	Viktim nan mouri nan kouran.	Dèlma	Kouran	Enkoni
Jedi 17 oktòb 2013 nan lajounen	Yon gason yo pa idantifye	Enkoni	Viktim nan mouri apre yon gwoup moun te vin lapide I pou vòlò.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Zam blanch	Enkoni
Jedi 17 oktòb 2013 nan lajounen	Ti Kiki A.C	Gason	Viktim nan mouri apre li te fin resevwa plizyè kout kouto nan men moun y o pa idantifye.	Pòtoprens, Ri Lareyinyon	Zam blanch	Enkoni
Jedi 17 oktòb 2013 nan lajounen	Simon Benson	Gason	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Kanado	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Jedi 17 oktòb 2013 nan lajounen	Desulmé Bertho	Gason	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 30	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
Jedi 17 oktòb 2013 nan lajounen	Jeff Pierre -Paul	Gason	Nèg ak zam y o pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Di Pèp	Bal nèg y o pa idantifye	Enkoni
